**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Самилахская СОШ Хунзахского района"**

| | |
|---|---|
| СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| Заместитель директора по УВР | Директор |
| ________________ П.А.Гаджиева | ________________ М.М.Алиева |
| | Приказ № |
| | от ____ 09. 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

(ID3084635)

**учебного предмета « Родной язык»(аварский)**

для обучающихся 1-4

**Самилах 2023**

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Самилахская СОШ Хунзахского района"**

СОГЛАСОВАНО

Заместитель директора по УВР

________________

П.А.Гаджиева

УТВЕРЖДЕНО

Директор

________________

М.М.Алиева

Приказ №

__.09.2023 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID3084635)

**учебного предмета « Родной язык»(аварский)**

для обучающихся 1-4

Составитель : учитель начальных класов

Кадиева И.М

**Самилах 2023**

# ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

## 4 КЛАСС (18 сагIат, 2 анкьида жаниб 1 сагIат)[17]

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Лъабабилеб клас-салда малъараб материал такрар гьаби (5 сагIат) | Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. *Е,ё,ю,я* хIарпал. *Й* гьаракь ва хIарп. *Щ, Ш* рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. *Ъ* гьаракь ва хIарп. *Ь* хIарп. РагIи. РагIул лексикияб магIна, синонимал, антонимал. РагIул гIуцIи (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагIаби. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул гIаламатал гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ. Предметиял цIарал падежазде свери. | Гьаркьал хIарпаздаса ратIа гьарула. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал цоцаздаса ратIарахъула. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хаслъаби рихьизарула. Жиндир хаслъиялде балагьун, гьаракь батIабахъула. РагIул гьаркьилаб ва гьаркьилабгин хIарпилаб анализ гьабула. РагIулъ ругел рагьарал гьаркьазул къадарги слогазул къадарги дандеккола. Авар мацIалъе хасият гьаркьал битIун абиялде кIвар кьола. Гьел рихьизарулел хIарпал битIун хъвазе бугеб бажари камиллъизабула. Геминатал битIун абиялда ва гьел рихьизарулел хIарпал рагIабазулъ битIун хъваялда хадуб халкола. Хъвавулъ лабиалиял гьаркьал битIун рихьизаризе бугеб бажари цебетIезабула. ***Е, ё, ю, я*** рагьарал хIарпазде кIвар кьола. ***Ё*** хIарп авалалда бугел рагIаби битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. ***Й*** хIарпалъул битIунхъвай лъазабула. ***Ш, щ*** рагьукъал гьаркьал дандекквела. Гьел рихьизарулел хIарпал гьорлъ ругел рагIаби битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. **Ъ, ь** ишарабаз тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. ГIаммаб кьибил бугел рагIаби данде гьарула. Кьурал рагIул гIуциялъул схемабазул анализ гьабула ва гьезие дандекколел рагIаби тIасарищула. МагIна гIагарал рагIабиги батIи-батIиял суффиксалгун рагIабиги гьорлъ ругел текстазул анализ гьабула. Суффиксазул кумекалдалъун лъугьарал цIиял рагIабазул магIна баян гьабула. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабула. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиязде кIвар кьола. Предметиял цIаразул, прилагательноязул, |

[17] Гьелда тIадеги, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, планалъулъ кьун буго литературияб цIалиялъул программаялъ калам цебетIезабиялъул хIалтIабазе бихьизабураб ичIго сагIатги.

| | | |
|---|---|---|
| | Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагъун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гъоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай. Текст. Тексталъул тайпаби (хабарияб, сипатияб, пикрияб). Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Тексталъул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант. Сюжетияб сураталдасан сочинение. Планалда рекъон изложение. | глаголазул лексикиял ва грамматикиял гIаламатал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял рихьизарула. БатIи-батIиял каламалъул бутIабазул грамматикиял гIаламатал дандекквела, гьезул анализ гьабула. **Щиб бихьизабулеб? Кинал суалазе жаваблъун бачIунеб? Гьелъул кинал гIаламатал рукIунел? Кин хисулел? ГIемерисеб мехалъ предложениялъул кинаб членлъун букIунеб?** гIадал каламалъул бутIабазда хурхарал суалазе жавабал кьола. Каламалъул бутIабазул битIунхъваялда хадуб халккола. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагъун, предложениял тайпабазде рикьула. Тексталъулъ хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениял ратула. ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял цоцаздаса ратIа гьарула. Предложениялъул ахиралда лъезе лъалхъул ишара тIасабищула. Предложениязул схемаби гIуцIула. Предложениялъулъ бетIерал ва бетIерал гурел членал рихьизарула. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. РагIабаздасан предложениял гIуцIула. Тексталъул тема чIезабула. Тексталда лъураб цIар баян гьабула. БатIи-батIиял тайпабазул текстал цоцаздаса ратIа гьарула. Тексталъул хIасилалъул анализ гьабула. Текст цIи гьабун гIуцIула. Тексталда цIар лъола. Сюжетияб сураталдасан сочинение хъвала. Живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон изложение хъвала. ГIинзулалгин берзулал диктантал хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. Диктанталъулъ ккарал гъалатIазул анализ гьабула. |
| Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал (2 сагIат) | Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъул тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал союзазул | Предложениялъулъ тайпа цоял членал хIалтIизариялдаги ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьеналдаги хадуб халккола. Жидеца тIубалеб хъулухъалде балагъун, предложениялъул членал тIелазде рикьула. Тайпа цоял членал гьорлъ ругел текстазул ва предложениязул анализ гьабула. |

| | | |
|---|---|---|
| цIар (хадусеб бутIа) (1 сагIат) | кьовул падеж. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II сверИ, III сверИ. БакIалъул падежазул суалал ва гьел суалазда рекъон предметиял цIарал хисизари. Падежазул ахиразул битIунхъвай. ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде сверИ. Хабарияб текст гIуцIи. Хабарияб тексталъул изложение. Диктантал. Контролияб диктант. | падежазде свериялъул тайпабазулгун лъай-хъвай гьабула. БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула. ГIадатал ва бакIалъул падежазул магIнаялда ва предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. БакIалъул падежазул суалал лъазарула. Гьел суалал предметиял цIаразе битIун лъезеги суалазул кумекалдалъун предметиял цIарал хисизаризеги ругьунлъула. Суалазул кумекалдалъун рагIабазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. Каламалъулъ предметияб цIаралъул батIи-батIиял формаби хIалтIизаризе ругьунлъула. Падежазул ахирал битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. ГIадатал ва бакIалъул падежазда ругел предметал гьорлъеги ккезарун, предложение ва текст гIуцIула. Тексталъулъ, падежиял суалаздаса пайдаги босун, предметиял цIарал ратIа гьарула. Грамматикиял гIаламатаздалъун предметиял цIаразул анализ гьабула. БицанкIаби чIвала ва жавабал хъвала. Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. ГIенеккун бичIчIараб хабарияб тексталъул изложение хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. Текстги жиндирго рагIабаздалъун лъугIинабун изложение хъвала. Тексталъул анализ гьабула. |
| Прилагательное (2 сагIат) | Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси. Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял | Каламалъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Кьураб предметияб цIаралъе магIнаялъул рахъалъ рекъон колел прилагательноял тIасарищула. «Прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIулаго, прилагательное предметияб цIаргун жинсалъулъ ва цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ рекъон ккезабизе ругьунлъула. Предметияб цIаргун цадахъ бугеб мехалъ прилагательное падежазде свериялъул хаслъиялда хадуб халккола. Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде битIун сверизарула. Берзулгин гIинзул диктантал |

| | | |
|---|---|---|
| | кумекалдалъунги ва союз гъечIогоги цолъизари. | |
| Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал (хадусеб бутIа) (1 сагIат) | Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гъечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей. Предложениялъул тайпа цоял членалгун хабарияб текст. Планалда рекъон изложение. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант | Тексталъулъ тайпа цоял членал гьорлъ ругел предложениял ратула. Тайпа цоял членал гьорлъ ругел предложениял цIалулаго, данде кколеб интонация цIунула. Тайпа цоял членалгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъола. Тайпа цоял членалги гьорлъе ккезарун, предложениял гIуцIула. Суалазда рекъон предложениялъул тайпа цоял членал гьорлъ ругел тексталъул хIасил бицуна. ГIуцIараб тексталъул анализ гьабула. Тексталъе къимат кьола ва гьенир гьалатIал ратула. Киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон изложение хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. |
| Текст 1 сагIат) | Тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал гIамм-лъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, тексталда цIар лъей, тексталъул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план гIуцIи. Сураталдасан сочинение. | Тексталъул тема рагьула ва аслияб пикру загьир гьабула. Тексталъул хIасил бицуна. Тема ва загьир гьабураб аслияб пикру кьочIое босун, тексталда цIар лъола. Бихьизабураб темаялда тIасан текст гIуцIула. Тексталъул план гIуцIула. Тексталъул анализ гьабула. Сураталдасан сочинение хъвала. |
| Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар (1 сагIат) | Цолъул формаялда предметиял цIарал гIадатал падежазде свери. ГIадатал падежал: аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж. | Падежазул хаслъабазда хадуб халккола. Лъурал суалаздаса пайдаги босун, предметияб цIаралъул падеж бихьизабула. ГIадатал падежазул батIи-батIияб формаялда ругел предметиял цIараз предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Предметиял цIарал гIадатал |
| Предметияб | ГIадатал падежал: | падежазде сверизарула. Предметиял цIарал |

| | | |
|---|---|---|
| | падежазде свери. Прилагательноязул битӀунхъвай. Текст. Тексталъул тема. Тексталъул цӀар. Лъилниги сундулниги хӀакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабураб хабарияб тексталъул гӀуцӀи. Сураталдасан сочинение. | хъвала. Текстазул анализ гъабула: предложениязул гӀурхъи чӀезабула, предложениязул ахиралда къваригӀараб лъалхъул ишара лъола. Тексталъул гӀуцӀиялъул анализ гъабула. Тексталъул тема рагъула. Текстазулъ прилагательноял битӀун хӀалтӀизарула. Лъилниги сундулниги хӀакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, хабарияб тексталъул къокъаб изложение хъвала. Сураталдасан сипатияб текст гӀуцӀула. |
| ЦӀарубакӀ (1сагӀат) | Каламалъул бутӀа хӀисабалда цӀарубакӀ. ТӀоцебесеб, кӀиабилеб ва лъабабилеб гъумералъул цӀарубакӀал. Гъумера-лъул цӀарубакӀал падежазде свери. | Каламалъулъ цӀарубакӀаз тӀубалеб хъулухъалъулгун лъай-хъвай гъабула. Гъумералъул цӀарубакӀазда хадуб халккола. Тексталъулъ цӀарубакӀал рихьизарула. Тексталъулъ такрарлъулел предметиял цӀарал дандеккарал цӀарубакӀаздалъун хисула. ЦӀарубакӀа- |
| Глагол (2сагӀат) | Каламалъул бутӀа хӀисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магӀна, глаголазул суалал. Глаголияб цӀар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гӀемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачӀунеб ва гӀахьалаб заманалъул гӀадатал глаголал; араб, бачӀунеб ва гъанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битӀунхъвай. | Глагол цогидал каламалъул бутӀабазулъ батула. ЦӀарулал каламалъул бутӀабаздаса глагол батӀабахъула. БитӀараб ва хъвалсараб магӀна бугел глаголал, глаголал-синонимал ва глаголал-антонимал каламалъулъ хӀалтӀизарула. Глаголияб цӀаралъулгун лъай-хъай гъабула. Глаголазул байбихьул формаялдаги заманазул формабаздаги бугеб гъоркьоблъи бихьизабула. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазда гъоркьоб бугеб батӀалъи бихьизабула. Жинсиял глаголал предметияб цӀаргун жинсгун формаялъулъ рекъон ккезарула. Араб, бачӀунеб ва гӀахьалаб заманалъул гӀадатал глаголал; араб, бачӀунеб ва гъанже заманалъул составиял глаголал лъазарула, ва каламалъулъ гъел хӀалтӀизариялъул бажари цебетӀезабула. БатӀи-батӀиял заманазда ругел глаголалги гъоркьоре ккезарун, предложениял ва текст гӀуцӀула. Глаголал битӀунхъваялъул бажари лъугъуна. Берзулгин гӀинзул диктантал хъвала. Диктантазулъ гъалатӀал |

| | | |
|---|---|---|
| | Текст. Тексталъул аслияб пикру загъир гъаби. Хабарияб тексталъул гӀуцӀи. Планалда рекъон изложение. Диктант. | тӀатуна ва ритӀизарула. Тексталъул тема рагъула ва аслияб пикру загъир гъабула. Тексталда цӀар лъола. РекӀехъе ва планалда рекъон текст бицуна. Глаголалъул заманги хисун (масала гӀахъалаб заманалъул глагол бачӀунеб, яги араб заманалдеги хисун), текстал хисула. Лъилниги сундулниги хӀакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загъир гъабун, текстал гӀуцӀула. Планалда рекъон, жиндирго пикру загъирги гъабун, тексталъул изложение хъвала. Грамматикиял тӀадкъаялгун диктант хъвала. |
| ЛъагӀалида жаниб малъараб материал лъазаби (2сагӀат) | Предложениялъул хӀакъалъулъ щвараб лъай гӀаммлъизаби. Каламалъул бутӀаби хӀисабалда текст ва предложение. Каламалъул бутӀаби. | РатӀатӀурал предложениялдасан текст гӀуцӀула. ГӀуцӀараб тексталъулъ предложениязул гӀорхъи бихьизабула. Предложениялъул ахиралда лъезе къваригӀараб лъалхъул ишара тӀасабищула. Тексталъул анализ гъабула, гъенир тайпа цоял членал гъорлъ ругел предложениял ралагъула. Текст битӀун хъван бугищали хал гъабула. Жидее хасал гӀаламатазде балагъун, каламалъул бутӀаби дандекквела. Тексталъулъ каламалъул бутӀаби ратула, гъел каламалъулъ битӀун хӀалтӀизарула. Прематиял цӀарал падежазде сверула, глаголал заманабазде хисула. Предметиял цӀаразе магӀнаялъул рахъалъ дандекколел прилагательноял тӀаса рищула. Хабарияб тексталъул изложение хъвала. |